मैथिली (एम॰बी॰) (1) डा॰ बसंत कुमा

बी॰ ए॰ पार्ट – II

अतिथि शिक्षक

दिनांक 16.07.2

प्रकरण – कृतिराज कमलक

दिनांक 16-07-2063 रोप

बाढ़िसँ विस्थापित दुःखी जनसमूहसँ भरल मालगाड़ीक डिब्बासँ एकटा युवक बहरायल, हिनका संगमे एकगोट पाँच बर्खक बच्ची जे रहि-रहिकेँ हिचकैत रहैक। पूछलाक बाद जानकारी भेल जे बच्चीक माय बाढ़िमे डूबिकेँ मरि गेलथि। जहिगामकेँ ओ बच्ची छलीह ओ गाम छल रामपुर जे गंडकीक पेटमे विला गेल छल।

एतेक पैघ बिपत्तिक कालमे स्टेशन मास्टर आबि कऽ कहलथि जे अहाँ सभ माल गाड़ीकेँ खाली कऽ दियौक, नहि तँ गाड़ी समस्तीपुर चलि जाएत। एतबेमे पुलिस आबि सभकेँ तंग करऽ लागलनि। लोक सभ पाइ-कौड़ी दऽ कऽ पुलिस सँ बचल रहल। रातिमे युवती सभ रेलक डिब्बासँ विलाय लागलि।